ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЕЙСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДЫОКІ

№111 (21.019) ●2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 6, бэрэжьей● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghepsale.ru
adyghe@mail.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщгъуэ гъэувын Дэмэн Хьэсэн Мухьтар и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м
№41-УП

«Псапэ фщІэну фепІэщІэкІ» республикэ псапащІэ марафон егъэкІуэкІыным и Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм накьыгъэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №28-РП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2007 гъэм накьыгъэм и 31-м *№33-РП*

«Псапэ фщІэну фепІэщІэкІ» республикэ псапащІэ марафон зыхъуэжьыкІэ зэрыгъэхьэзырыныкІэ ар егъэкІуэкІыныкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитетым кьыхилъхьа чэнджэщым ипкъ иткІэ **унафэ щІ:**

1. «Псапэ фщІэну фепІэщІэкІ» республикэ псапащІэ марафон егъэкІуэкІыным и Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм накьыгъэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №28-РП-м мы кьыкІэтыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэн:

а) пункт 1-м хэт «2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м» псалъэхэр зэхъуэкІын «2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м» жиІэу;

б) пункт 6-м и епІлапэ абзацым хэт «2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м» псалъэхэр зэхъуэкІын «2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м» жиІэу.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Урысейм и Президентым и хуитыныгъэхэм ящыщ эы

Урысей Федерацэм и Конституцэм ипкъ иткІэ, Урысейм и Президентым хуитыныгъэ нІэщ суд зытращыхьым и Іуэхум хэлъхьэ абы тратхьха и гъэзыр трихьжьыну, зэрыратхьха пІалъэр нэхъ кІэщІ щыІыну е гъэзыр иэ хъ щабэкІэ зэрихъуэкІыну, зэгуэр зи суд ящІам гъэжьыншэу тезыгыр трихьжьыну.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и субъектхэм я щыналъэхэм суд тезырхэм хэпльхьаныным и Іуэхуэмкі щыІэ комиссэхэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдигъэкІа Жаз №1500-мкІэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я щыналъэхэм кьыщыІэрагъэпэщащ суд тезырхэм хэпльхь к омиссэхэр. Апхуэдэуи а Указ дыдэмкІэ кьащтащ суд тезырхэм хэпльхьэныным теухуа пІэлъхэм Урысей Федерацэм зэрыщыІэхьпІэ ПоложенІэр.

Апхуэдэ комиссэхэм я мурадыр суд тезырхэм зэрыхэпльэк (нэхъ щабэ щыІн и лъэныкъуэкІэ) щыкІэр егъэфІэкІуэныгъэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэр, общественностыр суд тезырхэм хэпльэныным пыщІа Іуэхугъуэхэм хэ тынкір кьызэгъэпэщынырщ. Кьыалэн нэхъыщхьэр - суд тезырым хэпльхьаныным и лъэныкъуэкІэ лъэІуэхмкІэ уэрэпыкьуэкІ хъуну щыкІэр зэхэпхьэнырщ.

Суд тезырым хэпльэныным ехьэлІа Іуэхугъуэкмкі э комиссэу КЪР-м и Президентым дежь щыІэр ди республикэм щолажьэ 2002 гъэм и мазае мазэм льандэрэ. ИльэситІ кьэс кьагъэщІэрэщІэж а комиссэм хохьэ сыт и лъэныкъуэкІи пщІэ зыхуащі щыхуэхэр.

Урысей Федерацэм суд т езырхэм хэпльэжьныкІэ Урысей Федерацэм зэрыщыхэпльэ хабзэм теухуа Положенэм ипкъ иткІэ, суд зытращыхьа щыхум лъэІу тхыгъэкІэ зыхуигъэзэн хуейщ УФ-м и Президентым. Суд зытращыхьа щыхум и тезырыр щрихьэкІ Іуэхущ Іанім и администрацэм езым и лъэныкъуэкІэ документхэр (тезыр зытельым и хьэлщэным, ар щрихьэкІкІэ еджэнымрэ гъэжьынымрэ зэрахущытым, Іэщ Іэщар кьыхэзрыщыхъужьым теухуа Іуэхугъуэхэр) зэхуэхьэзэрэ) лъэІум и гъуэгу ахэр суд тезырым хэпльэжьныкІэ комиссэу КЪР-м и Президентым дежь щыІэм иregъажь. Суд зытращыхьам и Іуэхур, комиссэр куууэ хэпльэна нэужь, а комиссэм ищІа и Іуэ ху епльыкІэр дэщІыгъуу, КЪР-м и Президентым хуагъажь. Ар а документхэм хоплъэри, суд тезырым уэхпльэжь зэрыхьухунымкІэ УФ-м и Президентым тхылъкІэ зыхуегъаза. ЛъэІум арэзы зехуэмэу, Урысейм и Президентым указ кьыдедгъэкІ. ар махуитІым кьрнубыдэу Урысей Федерацэм и субъектым кьулыкъу нэхъыщхьэ дыдэр щызезыхьэм, УФ-м и МВД-м, уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іуэхущ Іанім и щыналъэ органым, тезырыр егъэхьыныр зи пщэ дэлъ Іуэхущ Іанім (кьалщтэмэ, юлоним) и администрацэм хуагъэхъ щыгъуазэ защІын щхьэкІэ. Суд тезырым хэпльэжьан ямыдамэ, а Іуэхум кьытрагъэзэ ж щыхьунур зы ильэс мынжь мащІэ зэман дэкІмэщ, тезырым щІэрыщІэу хэпльэжьным щхьэусыгъуэ хуэхъу щытыкІэщІэхэр кьыщыхъуахэм деж кьыщынэмыщІа.

Суд тезырым хэпльэжьныкІэ комиссэр апхуэдэуи кІэльпІэльэ суд тезырым хэпльэжьныным т еухуауэ УФ-м и Президентым и Указхэр зэрагъэзащІэм, суд зытращыхьахэр зэраІыгъым и щытыкІэр зыхуэдэм. КьыщынэмыщІауэ, абы и кьалэнхэм хохьэ гъ оловнэ-гъэзэщІакІуэ Іуэхущ Іанім эмрэ органхэмрэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм я щыналъэхэм щыІэ нэгъуэщІ къэрал органхэм суд зытращыхьаэм тратхьха тезырхэм хэпльэжьн, зи тезырыр езыхьэжІа щыхуэр зыхьхьэжхэм яхэгъэзагъэкІи щхьэкІэ пэжьыгъэр тэмэму кьызэгъэпэща хъунымкІэ Іуэхугъуэхэр гъэхъэзырыныр, кьыхэхьэныр.

Комиссэм и лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыныгъэ-техникэ, правовой, информацэ ІуэхугъуэхэмкІэ, документхэмкІэ кьызэрегъэпэщ КЪР-м и Президентым и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм суд тезырым хэпльэжьныным ехьэлІа ІуэхугъуэхэмкІэ и секторым. Абы и лэ жькІуэкэм апхуэдэуи жэуап ират щыхуэхэм тхыгъэу, жьэрыжьІэу зэрызыкьыхьэзэ ущІэкэм.

ГЪУДЭ Аслъэн,
КЪР-м и Президентым и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм суд тезырым хэпльэжьныным ехьэлІа ІуэхугъуэхэмкІэ и секторым и унафэщІ.

Урыс пшыналъэм и тхьэмадэ

Урыс усакІуэ щэджащэ Пушкин Александр Сергей и къуэр къыщалъхуа мазэм и 6-р. Урыс литературэм и махуэ ар - Пушкинрыгу ар гъуэгуанэщІэ тезыгъуэвар, абы и хъугъуэфІыгъуэ мыхьытхэр зи къалэмыпэм къыщІэкІар. Ди къэралым ис лъэпкъ псоми я дежкІэ лъапІэщ нобэрей махуэр, псоми ди зэхуэдэ, псоми ди дызэрыгушхуэ усакІуэ, тхакІуэ щэджащэщ урыс пшыналъэм и тхьэмадэ Пушкиныр, а пщІэр абы къыхэжьащ и тхыгъэ уахъынщэ хэмкІэ.

Нэгумэ Шорэрэ Пушкин Александррэ.
XIX лІэщІыгъуэ, 30 гъэ.

Арэрум кІуэуэ гъуэгу здытетым, Къэбэрдейм кьэсауэ, Пушкиным гъусэ хэхъуауэ щытащ полковник Бекович-Черкасский Федор Николаевич (Кьасбулэт и кьуэ Темботэ е Темырбулэт). И гъэгуанэ тхыгъэм усакІуэм кьыхэзрыкигъэщащи, «ар пщІыгъымэ, укъыщІыхэщтыкІын щыІэкъым». Гъусэ хуэхъури, Бекович-Черкасскэр Пушкиным дэкІуэтащ, Дарьял псыхъуэм дишри, Арэрум нигъэсащ; адыгэпщ щэрызехьэм кьыфІэмылыкІынрэ зыбгэмыкІыфынрэ а гъэзэгу щынагъуэм зыри кьыщрихьэлІэнутэкъым усакІуэм (аращ абы щыжиІар: «ар пщІыгъымэ, укъыщІыхэщтыкІын щыІэкъым»).

(КІэухыр 4-нэ нап.).

●КЪБР-м и Парламентым

Зи мычэзу зэІущІэ мэкъуауэгъуэм и 7-м екІуэкІынущ

КЪР-м и Парламентым и Президиумым щыхэплащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэу тІощым щІигъум щыхэплащ. ЗэІущІэ иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗэІущІэр кьыхэІуихри, Бечелов Ильяс депутатхэм яжриІащ законхэр кьыдэзыгъэкІ органым КЪР-м и Президентым и письмо кьыхэзрыхьэр. Ар зытеуухуар КЪР-м и прокурор кьулыкъым трагъэхьэну Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурор Чайкэ Ю.А. къыгъэлъэгъуэ Жариков Олег Олег и кьуэмкІэ КЪР-м и Парламентым арэзэрэ мы-арэзэрэ жеІэнырщ. Я Іуэху епльыкІэхэмкІэ зэхъуэжа нэужь, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Парламентым и зи мычэзу зэІущІэр мы гъэм мэжьауэгъуэм и 7-м зэхъуэшэсыну, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и ягъэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Маликовэ Светланэ Иван и пхъум, Центральнэ зы мандат зэхъпІэ округ №38-м щыхахам, и къалэнхэр игъэзэщІэныр и пІалъэр къэмысу 2007 гъэм накьыгъэм и 2-м щыщІэдзауэ ягъэувыІауэ кьэпІытэн, ар зэрыпІам кьыхэкІыу.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм накьыгъэм и 31-м
№1123-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Маликовэ Светланэ Иван и пхъум и къалэнхэр игъэзэщІэныр и пІалъэр къэмысу гъэувыІэн теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуки Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и ягъэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Маликовэ Светланэ Иван и пхъум, Центральнэ зы мандат зэхъпІэ округ №38-м щыхахам, и къалэнхэр игъэзэщІэныр и пІалъэр къэмысу 2007 гъэм накьыгъэм и 2-м щыщІэдзауэ ягъэувыІауэ кьэпІытэн, ар зэрыпІам кьыхэкІыу.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм накьыгъэм и 31-м
№1224-П-П

●Гъуэздж э

Оркестрхэм я концерт

Мэкъуауэгъуэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ Москва махуипщІкІэ щекІуэкІынущ дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ симфоническэ оркестрхэм я етІуанэ фестиваль. Урысейм и махуэм ирагъэжьа пІа фестивалым и фІыщІэкІэ Союзхэм я унэм и Колоннэ пэщым классикэ музыкэр щыІунущ, япэрей зэманхэм хуэдэу.

МОСКВА и концерт гъэлъэгъуапІэ нэхъыфІ дыдэу кьалъытэ Колоннэ пэщым нэгъабэ ягъэ дыдэу щрагъэкІуэкІауэ щытащ мы фестивалыр. ЕтІуанэ фестивалым хэтыныщ хамэ къэрал кьиІа оркестрищ. Урысейм ейуэ тІурэ. Концертыр кьызэІуихащ Франджым и Лъэпкъ оркестрым, абы и унафэщІщ дуней псом щыцІэрыІуэ дирижер Мути Риккардэ.

Фестивалыр зэхъуэзыщІыжьыр абы хэта оркестрхэм кьыхашу зэрагъэІуауэ оркестр Темыркан Юрэ зи унафэщІынуращ. Санкт-Петербургт филармоним и оркестр цІэрыІуэм и музыкантхэм гъусэ яхуэхъунущ Урысейм и кьалэ зыбжанэм (Дон Іус Ростов кьыщыщІэдзауэ Владивосток нэс) я оркестрантхэр.

Ди газетым и ещанэ напэм фыкьыщыдджэ Темыркан Юрэ гъащІэмрэ пэжьыгъэмрэ теухуауэ «Российская газета»-м и рита интервьюм.

УщІэ псоми 450 жэуап егъуэт

Пкъыгъэм и 4-м КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэ-хэмкІэ и министр Тут Заур ди республикэм и журналистхэм яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур зэрагъэлъэпІэну щыкІэм тепсэлъыхьын папщІэ.

ТХЫДЭМ кІэщІ дыдэу ирилъэжа, махуэшхуэхэм ди республикэм фыц и лъэныкъуэкІэ кьыхуихыну зыщыгугъэхэм кІэщІу и гугъу ищІа ищІ, министрым кьызэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап иритын щІидзащ. Журналистхэр зыгъэпЕйтей Іуэхугъуэхэр куэд дыдэ хьурт, махуэшхуэр ди республикэм и Москварэ зэрыщагъэлъэпІэнум кьыщыщІадзауэ ар кьызэгъэпэща зэрыхъуну, абы хэтынухэм деж нэсыжу.

Тут Заур убзыхуауэ журналистхэр щигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ фокІадзэм и 7-м махуэхэм Налшык къалэмрэ районэхэмрэ щрагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэ, зэІущІэ зэхэзымыдэхэм.

А махуэр Москва зэрыщагъэлъэпІэнум зэхъуэкІыныгъэ игъуэтар зыщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ гупхэм дыщІащІагъунущ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я уэрэджэшІакІуэ, къэфакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэр.

ЗэІущІэм и гугъу щащІащ махуэшхуэхэм ирихьэлІэу щІэуэ яухуэн, зэрагъэпэщыжьын хуей щэнхабзэ, спорт Іуэхущ Іанім.

Пэм нэхъ нэхъыщхьэр, кьытухуейгъэ хьэщІэхэмрэ ди республикэм я щыхуэхэмрэ гу зэІухакІэ зэІущІэныр, ди зэхэтыкІэр щапхъэ яхуэтщІыныр, - жиІащ Тут Заур.

ИСТЕПАН Залинэ.

Чэт Юрий и къулыкъур зэрехьуэкІ

Нэхъ ящэкІэ хъыбар зэрыщыІащи, республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэу тІощым щІигъум щыхэплащ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

СПИКЕРЫМ кьыхилъхьэри, депутатхэр щыгъуащ езыхэм я лъэныгъэу КІэдыкІуей Аслъэн зэІущІитІым я зэхуакум кьырибыдэу кьэхъуа щІэщхьщІхьэм зэрыхэкІуэдам кьыхэкІыу икІи абы и депутат полномочиехэр я пІалъэр кьэмысу кьэгъэувыІэным теухуа унафэ кьащтащ. Апхуэдэу, нэгъуэщІ щыпІэ зэрыІэпхъуам кьыхэкІыу и полномочиехэр щхьэщахащ Малиновэ Светланэ.

ЗэІущІэм хэтахэр Жабоев ЖэбрэІилрэ Тен Беслъэнрэ ехъуэхъуащ ахэр я депутат кьэлэнхэр гъэзэщІэным зэрыпэрыувамкІэ. Ахэр хагъэхьащ ЗаконодательствэмкІэ, къэрал ухуэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и ІуэхуэмкІэ комитетымрэ (Жабоев Жэбрэ Іил) Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкІэ (Тен Беслъэн) к омитетэм.

ЗаконодательствэмкІэ комитетым и унафэщІ Абазэ Руслан кьыхилъхьэри, депутатхэм унафэ кьащтащ КЪР-м и Хэ хакІуэ комиссэм хэтынухэм яхитхэну КЪР-м и Парламентым кьыхуигъэпэсыгъуэн папщІэ Джэщ Вячеслав и кандидатурэр УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщІхьэм кьыщыхалъхьну.

Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Парламентым щыІэ Къуэшрокъуэ Залым кьипсэлъам едаІуэри, парламентархэм зэакьылэгъуу Іэ яІэтащ Чэт Юрий КЪР-м и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэу гъэувыным теухуауэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Депутатхэм щІэн папщІэ

МЫ ГЪЭМ мэкъуауэгъуэм и 7-м КЪР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи мычэзу зэІущІэ. Абы щыхэплащ Іуэхугъуэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и ягъэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Маликовэ Светланэ Иван и пхъум и къалэнхэр игъэзэщІэныр и пІалъэр къэмысу 2007 гъэм накьыгъэм и 2-м щыщІэдзауэ ягъэувыІауэ кьэпІытэн, ар зэрыпІам кьыхэкІыу».

КЪР-м и Парламентым и Президиум.

Чехэхэр арэзыкъым

Прагэ къалэм щыщІадзауэ США-м и ПРО Іэмэнсымэхэр Чехием и щІыналъэм щыгъэувыным пыщІа ІуэхугъуэхэмкІэ зэрелъэныкъуэ.

Америкэм и ракетэхэр я дежь зэрыщыхагъэшынур ямыдэу, прагэдэхэмрэ ПРО-р щаухуэну щыпІэм пэгъунэгъуэ щыпсэухэмрэ пэкІухэр ирагъэкІуэкІ.

Урысейм нэгъэщІ къэрал Іуэхуэхэмкі и министр Лавров Сергей къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, США-м и ПРО Іэмэпсымэхэр Къуэкіыпі Европэм зэрыщагъэувынум и жэуапу ди къэралми Іуэху пыухыкІахэр иубзыхунущ.

Къэрал гулыпІэ

Солженицын Александр Урысейм и Къэрал саугъэтыр хуагъэфащащ. УФ-м и Президентым и Указым зэрыщыжиІэмкІэ, ар тхакІуэм ират псапэ куэд зэрищІэм папщІэ.

Мэкъуауэгъуэм и 12-м Кремлым и Уардэ Унэм Къэрал саугъэтыр Солженицын щратыжынущ.

ЛІыукІыр яубыд

Мэкъуу областым хьыхь Красногорскэ районым щаубыдащ нэхьапэм ягъэтІысауэ щыта, зэхищІыхьа щІэнхьаджагъэ хьэлъэм кьыхэкІыу кьалъхьхуэ илъэс 40 зи ныбжь щыхуэхьур.

Ар яхэтащ Набережные Челны кьалэм щыщу Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэхэрычэтыщІэ щІэрыІуэхэр щызыдыгъуа, щызыукІа щІэнхьаджагъэІэхэм. Абыхэм щІыку 12 ядыгъащ, 22-рэ яІэщІэкІуэдащ. Апхуэдэщ «КАМАЗ-Металлургие» компанием и унафэщІымрэ и бухгалтер нэхъыщхьэмрэ, «Новая газета» газетым и корреспондент Вдовников Игорь, нэгъэщІ куэдхэри.

ЩІэпхъаджащІэ щынагъуэхэм ящыщу 16-р нэгъабэ суд пащхьэм иращащ.

Мэкъуу областым и Красногорскэ районым щаубыда лІыкІым и Іуэхур зэхагъэкІ.

Щысхьрабгъ хуаІэнукьым

Бразилием и полицэм ирегъэкІуэкІ къэрал кьулыкъур щхьэхуэщагъэкІэ къызыгъэсбэщхэм яхуэгъэзэн Іуэхугъуэ ткІий. ЗэкІэ щІыху 80-м ящІагъэ яубдащ. Абыхэм яхэтщ хьэрыфтыщІэхэр, уэчылхэр, хабзэм и хьумакІуэхэр.

Уеблэмэ, «Шах и Мат» зыфІаща операцэр щрагъэкІуэкІым, къэралым и Президентым и Іуэхуэ нэхъыжьым и фэтэрыр щащащ.

(ИТАР-ТАСС).



♦Илъэс 50-м и пэкІэ (1957) Мэкъуу кьыщызІуахащ Европэм щызэхьэ ин дыдэ «Детский мир» универмагыр. Нэгъабэ льандэрэ тхыдэмрэ щхьэхбзэмрэ я фэеплъу ягъэуващ.

♦Илъэс 20 и пэкІэ (1987) кьызэІуахащ Пушкин Александр и Къэрал тхыдэ-литературэ музей-заповедникыр.

♦Мэкъуауэгъуэм и 6 - 10-хэм Мэкъуу и Къэрал Кремль Уардэ Унэм щекІуэкІынущ «Урысейм и лъэпкъ Олимп» саугъэтыр ятыным теухуа гуфІэгъуэ зэхьхьэ.

♦Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) кьалъхуащ театрымрэ киномрэ я актрисэ, режиссер, театрым и кьызэгъэпэщакІуэхэм щыщ, РСФСР-м и цІыхубэ артистко Толмачевэ Л.Т.

♦Илъэси 135-рэ и пэкІэ кьалъхуащ Урысейм и иужьрей пащтыхь гуащэ, Николай ЕтІуанэм и щхьэгъусэ Александрэ Федоровнэр (Алисэ Гассен-Дармштадская). И унагъуэм щІыгъуу Екатеринбург кьалэм щаукІащ.

♦Илъэс 60 и пэкІэ кьалъхуащ политик, дзэ лэжьакІуэ, генерал Рохлин Л.Я. 1996 - 1998 гъэхэм УФ-м и Къэрал Думэм зыхьымэжьныкІэ и Комитетым и унафэщІу щытащ. 1998 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-3-хэм я жьщым Мэкъуу и Іэшэлъапэм щиІэ дачэм щаукІащ.

♦Илъэси 175-рэ и пэкІэ дунейм ехьжащ инджылыз социолог, философ, юрист, утилитаризмэм и лъабжьэ зыгъэтІылъа Бентам Иеремие.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ лакьмкъэ 25-м, кьухъэжьнущ сыхьэт 20-рэ лакьмкъэ 47-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ лакьмкъэ 22-рэ.**

ПІалъэгъэ зыхьхьэзырар
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алихан.

Къэрал гулыпІэ

Пщы Іэфі нэхъыфІ пэж дыдэж.

Іэ трегъэдзэныкІэ Урысейпсо махуитщІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр щІэ зыхуэтщІхэ!

2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м щыщІэдзауэ и 12-м нэсыху *«Іэ трегъэдзэныкІэ Урысейпсо махуитщІ»* ирагъэкІуэкІ 2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ кьегъэхьныным хуэхэуэ.

А махуэхэм кьрнубыдэу Іэ тезыдзэхэм газет, журнал лЭжьыгъуэ псоми хуэзэ пощт Іуэхутхьэбзэ-хэм я уасэм процент 20 хуклэрагъэху. "Адыгэ псалъэ" газетыр илъэс ныкъуэкІэ кьахуэкІуэн папщІэ а махуэхэм Іэ щІэзыдзэм ятынур сом 261-рэ кІэпІейкІэ 71-рэщ.

Уасэ нэхъ пудкІэ **Іэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэм и дэтхэнэ къудамэми.**

Ди фейдэ зыхэлъыр зыІущІэвмыгъэкІ. Фигу нэхъ ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ.

КъБР-м Федералнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и Іуэхущ Іанім.

Пом нэхъыфІ нэхъыщхьэр, кьытухуейгъэ хьэщІэхэмрэ ди республикэм я щыхуэхэмрэ гу зэІухакІэ зэІущІэныр, ди зэхэтыкІэр щапхъэ яхуэтщІыныр, - жиІащ Тут Заур.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Фызыхуей документыр сайтым кьифх

Сэр си щхьэгъусэмэ щыгъуазэ зытщыну дыхуейт «Лэжьыгъэм и ветеран» щIэр фIэщыным, ветераным и сыдлыр етыным пыщIа Iуэхухэм зэрыхэплъэ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм 2006 гъэм ижкIуэ гъэзэн и 2-м кьыдигъэкIа№ нафэ №285-м. Уэ и официальнэ сайтым хэту кьыхэрагъэщэн мыхьуну пIэр КъБР-м и цIыхухэм еыхэр зыхуей законэм хуиту щыхэпльэн, щыгъуазэ зыщащIын Iыхь?»

Прозоров А.С.

Жэуап кърет КъБР-м и Президентым и Адміністрацием и Унафэщым и къуэдэ - КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Кьанокъуэ Сультан**:

- КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьызэригъэпэща сайтым и «нормативнэ документхэр» Iыхьэм иралъхьэ лэжьыгъэм, лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыным, социальнэ дэпэпыкъуныгъэм, пенсэ Iуэхуэм ящIыпIауэ УФ-м кьыщыщIэ законэр, УФ-м и Президентым и указхэр, УФ-м и Правительствэм и унафэхэр, КъБР-м и законэр, КъБР-м и Президентым и указхэр, КъБР-м и Правительствэм и унафэхэр. Сайтым и адресыр: www. mtsr-kbr. ru.

ИнвестицI проектыр хьэзырыц

«ИкъукIэ дынолъэIу Налшык макарон фабрик» предприятэм и Iуэху зыIутым гу лыитыну. Ар лажьэу ябж, ауэ шIэныгъэкIэ кьащIэтэмэ, ильэс щем кьриубыдэу мазэ 3 - 4-кIэ продукцIэу кьыщIигъэкIыу аращ. Абы зыужьыныгъэ лъэпкъ игъэтырыкым, а мурадым папщIэ кредитэр кьыдах пэтми. Рабочэхэр лажьапIэ пэмыкIуэу яутIыщIуэр мазэ 4 - 6-кIэ щагъэсщ. Пенсэ фондми зыхуэфащэ ахьыщэ япъхьырыкым. Предприятэм щекIуэкIым щыгъуазэ ящIырыкым абы щыдахьэхэмрэ акционерхэмрэ».

Макарон фабрикэм и лэжьакIуэхэр.

Жэуап кърет КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдэз **Тхьэзэпльык Мурат:**

- Мы тхыгъэм итхэр зэхигъэкIын папщIэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков А.ТI. кьыдигъэкIа приказым ипкъ иткIэ, комиссэ щхьэхуэ кьызэрагъэпэщащ. Абы кьиныщIауэ мы зэманым предприятэм и Iуэху зыIутащ.

«Макаронпром» ОАО-м и акционерхэм я илъэс зэIущIэм кьыщащта унафэм инкIэ иткIэ, мы акционер обществэм и зэхэтыкIэр яхьэжри, ар и лъабжьэу «Налшык макарон фабрикэр» 2005 гъэм кьызэрагъэпэщауэ щытащ. 2006 гъэм абы иригъэкIуэкIа финанс-хозяйствэ дэжьыгъэм кьрикIуащ мы кьыкIэлыкIуэхэр: псори зэхэту фейдуэ сом мини 142-рэ яIащ, продукцIэр щэным фейдуэ сом мин 316-рэ кьыпэкIуащ (2005 гъэм хэщIыр сом мин 608-рэ хьуурэ щытащ), зэрыщыту къапщтэмэ, производствэр фейдэ пыIуу зэрахьащ (проценти 2,6-р). 2006 гъэм предприятэм макарон тонн 4410-рэ игъэхьэзыращ, абы щыщу инэ тонн 1171-м сом мин 9953,5-рэ кьыщIихащ. 2007 гъэм и япэ мазитIым аргуэру тонн 51,8-рэ яIащ сом мин 440,3-рэ кьыпэкIуэу.

Обществэр кьыщыхэрагъэщыным ящIыпIуу абы и пщэ дильхьэжауэ щытащ «Макаронпром» ОАО-м тель кредитор щIыхуэм щыщу сом мин 8019,3-рэ ипшынжьыну. Абы хуэдизрэ 2002 гъэм щыщIэдзауэ лэжьапIэмкIэ зэтрихьа щIыхуэу сом мин 936-ри.

Комиссэм кьэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIа зэманым ирихьэлIэу щIыхуэу ящIыныжащ лэжьапIэм щыщу сом мин 406,9-рэ, отпуск щIыхэм еIуэу сом мин 229,1-рэ. ЛэжьапщэмкIэ кьатенжа сом мин 300-мрэ Къэрал Iуэхущапи Iэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и отделенэу КъБР-м щыIэм и щIыхуэу зэтрихьа сом мин 318,9-мрэ 2007 гъэм и мэлыжьыхь-накъыгъэ мазэхэм ящыныжыну щытащ. Продукцэр щIагъуэу зэрыпхымыкIым кьыхэкIыу, лэжьакIуэхэм ящыщу щIыхуэ 1-р-р махуэу кьэс сыхьэти 4 фIэкI мылажьэу ящIащ (езыхэр арэзыуэ).

2007 гъэм и япэ кварталым предприятэм щылажьэхэр щIыхуэ 70 хьуурэ щытащ. Абыхэм ику ити мазэ лэжьапIэу сом 4000 яIащ.

«Россельхозбанк» ОАО-м гурыIуэгуэ, мы зэманым предприятэм щолжэ Iэнатlэхэр кьэгъэщIэрэщIэжыным теухуа инвестицI проектыр гъэзэщIынэу. Зыхуэфащэ кредит зэгурыIуэныгъэхэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 1-м Iэ щIадзащ. Проектым ипкъ иткIэ, еврэ мелуани 2,57-рэ, сом мелуан 27,6-рэ кьагъэсэбэпынущ. ИнвестицIэ проектхэр гъэзэщIынэм теухуауэ къралхэм зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэхэм кьызэрыщагъэлъэгъуам хуэдизу, мы проектым пыщIауэ кьагъэсэбэпыну валютэр зэблагъэкIынущ Москва къалэм и «Россельхозбанк» ОАО-мэ Италием и банкэмрэ. А ахьыпэр зыхуэхаха мурадхэм папщIэ кьызэрагъэсэбэпыр Москва и «Россельхозбанк» ОАО-р. 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу аванс кьагъэсэбэпащ валютэм и процент 12,7-р, урысей ахъшэм и процент 65-р. ЕнатIэхэр кьэгъэщIэрэщIэжынымрэ, Iуэхуэм и «Россельхозбанк» ОАО-м кьагъэуващ зэфIэкI зыбгъэдэль юридическэ ЕнатIэ щэсыпIэ ихьэну икIи банкым и ахьшэр зэрыфIэмыкIуэдынымкIи щэсыпIэ езым и мылькыр игъэтIылащ «МАК-КО» ООО-м. ИнвестицI проектым кьыдэкIуэу, предприятэм щызэхалъхьэжащ энергиер кьыдэгъэхэным теухуа princ икIи ар езы «Налшык макарон фабрикэм» и ахьшэкIэ игъэзэщIэнущ.

НэхъапэкIэ ди газетым зэрытетащи, УФ-м и МВД-м и комиссэр нэхъыбэ гъэзэщIыным и 14-м щыщIэдзауэ щыщIыгащ. Къэрал кIуэцIу IуэхуэхэмкIэ министерствэу республикэм щыIэм и лэжьыгъэр.

Автомашинэ 33-рэ къахохъуэ

● КъБР-м и МВД-м

МэкъУАУЭГЪУЭМ и 1-м къэпщытэныгъэм кьрикIуахэр щызэхэлъхьэжащ УФ-м къэрал кIуэцIу IуэхуэхмкIэ и министрыр и къуэдзэ генерал-полковник **Еделев Аркадий** кьрихьэлIэу, КъБР-м щыIэ МВД-м щызэхэта зэIущIэм. Зэрыщыту кьапщтэмэ, республикэ милицэм и лэжьыгъэм арэзы техьауэ УФ-м и МВД-м и комиссэр.

ЗэIущIэм дамыгъэхэмрэ щIыхь тхьилъхэмрэ щратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэ нэхьыбжьэм. УФ-м хэсащэ кIуэцI IуэхуэхмкIэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид и унафэкIэ и къалэнхэр хьэлэлу зэрырихьэкIым, лэжьыгъэм кьыщIигъэпсыну Iуэхуэ ехьулIэныгъэхэм папщIэ «За боевое содружество» медалыр иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ОСБ-м и унафэщI, милицэм и полковник **Кьэрымыкъуэ Заур** . «За доблесть в службе» медалыр хуагъэфащащ КъБР-м щыIэ МВД-м жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и милицэм и унафэщI **Тхьэгъэзит Хьэтэхэрэ** ротэ щхьэхуэм и взводым и унафэщI **Чэрты Юрэрэ**.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и ЩIыхь тхьилъхэр иратащ Майр РОВД-м и унафэщым и къуэдзэ, милицэм и полковник **Караев Владимир** , а РОВД-м и инспектор, милицэм и лейтенант **ГъукIэпщ Артур**. Налшык и 1-нэ ОВД-м, Дзэлыкъуэ РОВД-м, Майр РОВД-м я следствэ къудамэхэм я унафэщIхэу, юстицэм и майор **Иуан Оксанэ**, юстицэм и капитан **Куэнуэ Азэмэт**, юстицэм и майор **Щоджэн Ахьмэд** сымэ.

ЗэIущIэ нэужьым хабзэхъумэхэр зыщыгуфыкIа Iуэху гуапэм щыпащащ министерствэм и щIыпIантIэм.

- Нобэ фи дежкIэ гуфIэгъуэ тIуащIэщ. Фи лэжьыгъэм комиссэр арэзы техьауащ. АдэкIи фи Iуэхур дэкIын, сытми нэхъ псынщIэу фыкIуэнэжын папщIэ сэбэп кьыфхуэхъунущ зи Iуныкьыбзэ Iуххэр кьыфIэщIалъхьэну автомашинэхэр. ЗэIущIэм кьызэрыщыхъэзэщащи, фIыщIэ фхуэщIу зэрефхьэкIым папщIэ. Сэ си нэIэм щIэтщ къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ органнэр Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэм я лэжьыгъэр. Фи лъэхэм мамырыгъэр щытепщэу щытыныр фгъэ дэрэ ди лэжьыгъэм, жэуаплIыныгъэр зэрызыхэтщIэм елытащ. Фи Iэнатlэм ехьулIэныгъэхэр фыщIэIэну си гуапэщ, дзыхь кьыфхуэщIа къэрал мылькыр фхъумэ, - яжриащ кьызэхуэсахэм Еделев Аркадий.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**ыр, юстицэм и капитан **Кьэнэ Аскер**, юстицэм и майор **Иуан Оксанэ** сымэ.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Кьытрагъэзэжри хэпльащ Президентым Iэ щIидзын имыдэу кьыгъэжьыяхуэ щыта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтыным хуэунэтIауэ щрагъэкIуэкI профилактикэм и Iуэхуэ- Законым. Ар иджы къащтащ республикэм и унафэщIым кьызэрыхилъхьам хуэдизу. Абы кьызэригъэпэгъэжамкIэ, коррупцэм ебэныныжмкIэ программэм хэпльэн, къащтэн и пэкIэ ар утыку къраулъхьэнущ щыхуэхэм щыгъуазэ защIын, тепсэлъыхьын папщIэ.

ХуащIа дагъуэхэм, зэкъуэкIыпхэу къальытахэм ятеухуауэ Iэ иIэта нэужь, кIэухыу къащтащ «КъБР-м щыхуэ куэ зыхэтыну зэхъыхьэжар зэрыщагъэкIуэкIынымкIэ хъыбарегъащIэр зэрыщIат щыкIэм и Iуэхуэ». ЛъэщIдзэ, курыт профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэу КъБР-м Iэщ1эльхэм щIэс студентэмрэ еджакIуэхэмрэ ират стипендиер зыхуэзащIэжыну гъэувыным и Iуэхуэ» - законэр. ЗэкъуэкIыныгъэхэм-рэ дэщIыгъуэныгъэхэмрэ хальхьащ «КъБР-м и щIыналъэм щыIэ бзэзэрымрэ сату комплексхэмрэ я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ хабзэ нэхъыщIыхьэхэм я IуэхуэкIэ», «КъБР-м зэзыгъэкIуэ и судыщIэжэм я IуэхуэкIэ», «КъБР-м и Хэкажэ комиссэм и IуэхуэкIэ», «Егъэджэныгъэм и IуэхуэкIэ» законэм, апхуэдизу полномочиехэр зэрыэпагъэуэщIыкIэр зэрырагъэфIэкIуам пыщIа зэхъуэжьныгъэхэр - КъБР-м и нэгъуэщI закон акт зыбжанэм.

Япэ кьеджэгъуэу къащтащ «КъБР-м и закон актхэм зэхъуэжьныгъэхэмрэ дэщIыгъныгъэхэмрэ хэльхьэным, КъБР-м и языныкъуэ закон акту муниципальнэ къулыкъум теухуахэм къару ямыIэжу къэпльытэным и Iуэхуэ» - «КъБР-м и щIыналъэм щыщу хжауэ яхьэмэ хэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэкъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъныгъэхэмрэ хэльхьэным и Iуэхуэ». - КъБР-м и ЩIыналъэм и щIыщу хжауэ яхьэмэ хэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэкъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъныгъэхэмрэ хэльхьэным и Iуэхуэ» - КъБР-м и нэгъуэщI закон акт зыбжанэм.

Япэ кьеджэгъуэу къащтащ «КъБР-м и закон актхэм зэхъуэжьныгъэхэмрэ дэщIыгъныгъэхэмрэ хэльхьэным, КъБР-м и языныкъуэ закон акту муниципальнэ къулыкъум теухуахэм къару ямыIэжу къэпльытэным и Iуэхуэ» - «КъБР-м и щIыналъэм щыщу хжауэ яхьэмэ хэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэкъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъныгъэхэмрэ хэльхьэным и Iуэхуэ».

Депутатхэм даIыпащ -УФм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным и IуэхуэкIэ» федеральнэ законым и проектыр законхэр кьыдэгъэзыжьынымкIэ жэрдэмэ Къэрал Думэм кьыщIихалъхьэн папщIэ зэрагъэхъэзырар. Ар зыхъуэжнэтIар финанс хабзэншагъэкIэр кьыщIагъэщынымкIэ УФ-м и сугъэм кьрикIуахэр щызэхалъхьэжащ. Зыхуэфащэ кредит зэгурыIуэныгъэхэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 1-м Iэ щIадзащ. Проектым ипкъ иткIэ, еврэ мелуани 2,57-рэ, сом мелуан 27,6-рэ кьагъэсэбэпынущ. ИнвестицIэ проектхэр гъэзэщIынэм теухуауэ къралхэм зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэхэм кьызэрыщагъэлъэгъуам хуэдизу, мы проектым пыщIауэ кьагъэсэбэпыну валютэр зэблагъэкIынущ Москва къалэм и «Россельхозбанк» ОАО-мэ Италием и банкэмрэ. А ахьыпэр зыхуэхаха мурадхэм папщIэ кьызэрагъэсэбэпыр Москва и «Россельхозбанк» ОАО-р. 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу аванс кьагъэсэбэпащ валютэм и процент 12,7-р, урысей ахъшэм и процент 65-р. ЕнатIэхэр кьэгъэщIэрэщIэжынымрэ, Iуэхуэм и «Россельхозбанк» ОАО-м кьагъэуващ зэфIэкI зыбгъэдэль юридическэ ЕнатIэ щэсыпIэ ихьэну икIи банкым и ахьшэр зэрыфIэмыкIуэдынымкIи щэсыпIэ езым и мылькыр игъэтIылащ «МАК-КО» ООО-м. ИнвестицIэ проектым кьыдэкIуэу, предприятэм щызэхалъхьэжащ энергиер кьыдэгъэхэным теухуа princ икIи ар езы «Налшык макарон фабрикэм» и ахьшэкIэ игъэзэщIэнущ.

● ЩIым телэжьыхьэр

Инарыкъуейкlэ фыщIы!

Тэрч к уейм хуэдэу хьарбыз бэгъуа кьыщыкI щыпIэ ди республикэм иIэжьым. Мы зэманым мэкъумэщыщIэхэр хунэсащ гектар 250-рэ хасэну, ауэ районым и х озяйствэхэм ящхьэгъэкIынум ельытауэ ар куэдкьым.

ЩIым ТЕЛЭЖЬЫХЬЫНУ хуейм дежкIэ мыр фейдэ кьызыпыкI Iуэхуэ: жьлэ лъэпкьыфIэхэр яIэщ, ардей гъавэхэм елытауэ, мыбы и хэсэнри и зехьэнри фIыуэ нэхь тынщщ, Тэрч куейм и климатым и щыIэкIэм сыт и лъэныкьэкIи йоэзгъ. ДзкьэрыщIалажьэхэм зи щIалэ гектэрым хуэзэу сом мин 50 и уасэ кьытракащ.

Тэрч хьарбызыр гъэбэгъуэн зэрыхуейкIэ жэр дэм кьыхилхьащ куей администрацIэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим. Унафэщым кьельытэ щIыхуэхэм я псэукIэр игъэфIэкIуэныкIэ мыр нобэ щыIэ Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщ зыIуэ. Пэнагуэм ящIыпIауэ зэрыщагъэуэ кьихьащ Инарыкъуей кьуаежьэдэсхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр.

Мыбыхэм кьеГъэщIылла а щIыр гектари 5 - 10-уэ зэпачри, хьарбыз щIэным жылэм и ныкьуэ псор пэрагъэуващ. Иджыпсту хьарбыз нэхъыбэ щыхасащ Плановскэ, Дейскэ, Интернационалнэ, Теректэ жылагъуэхэм. Мы щIыпIэхэм хьарбыз трасащ щы гектар 20 - 30-м нэблагъэм. ЩIэныбжьэм кьыхэрагъэщащ республикэм и унафэщIхэм - Президентми, Правительствэми, Парламентми - республикэ милицэр, абы и кьалэ, район кьудамэхэр зыхуей псомкIи кьызэрагъэпэщын папщIэ яхуэзэфIэкI кьызэрыщIэсыжащ.

Адэкlэ Еделев Аркадий журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуап яритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Лэскэн куей

Iэпщыхъуэхэр гъэгу тохь

Лэскэн куейм Iэщыщхуэу 80-м нэс гъэмахуэ хъупIэхэм хунгъэхьэзыращ, мэкъуэгъуэм и 6-7-хэм гъэгу тригъэхьэну.

АБЫ щIыщу 40-р жэм кьаащ. Район администрацэм мэкъумащIэм и Iуэхуэ Iэщ гъэхъунымкIи и къудамэм и зоотехник нэхъыщхьэ Iэщэ Жыжьысмел кьызэрыджиамкIэ, Аурсэнтх, Хьэмащэ хъупIэхэм дашыну Iэщыр нэхъыбэу ейр уней хозяйствахэрщ. Куейм щызэхэт мыдрей щIыхуфэ хозяйствэхэм я Iэщыр «Президент хъупIэкIэ» эуджэм гъэмахуэр, икIыху щаIыгъынущ. Дэунэжым кьызэрыхигъэщамкIэ, Лэскэн куейм и ЕпщIагъэIхэр пасэу хъупIэхэм я Iэщ гъэхъунымкIи и къудамэм и зоотехник нэхъыщхьэ Iуэхугъуэхэр унэтIынымкIи. ЕнатIэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэль экономикэр зэрызэгъэувэм, рынок зэхущытыкIэхэм зэрыхуэкIуэм кьыхэкIыу, псом я дежкIи зэхуэдэ Iуэху зехьэкIэм щIыналъэхэм щыIэ щытыкIэр зэрахъуэжкIащ, структурэ зэмылIэужьыгъуэхэм жылагъуэ-экономикэ гъэпсыкIэщIэм зэмыл я увыпIэ щхьэхуэ щаубыдын куей хъуащ. Къэралми щIыналъэ политикэ белджылы иригъэкIуэкIын хуей хъуащ псом я дежкIи зэхуэдэу щыт экономикэ щIыналъэр гъэбдыдэным, республикэм я социально-экономикэ щытыкIэр зэтехуэщIыным, абыхэм зэпIэзэрыту заужьыным сэбэп хуэхьун щхьэкIэ.

Дэ дыдэрепльымкIэ, мы зэманым Урысейр кьихутащ щIыналъэ политикэм централизацэр щыгъэбыдэным и тельхьэ федеральнэ властхэм я мурадым темыхуэу децентрализацэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр кIуэ дэтми нэрылъагъу щыхьэ щытыкIэм. Къэрал щIыналъэ политикэщIэр хуэунэтIауэ щытын хуейщ централизацэмрэ децентрализацэмрэ я зэхущытыкIэм иужьрейи я сэбэп хэльу зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным.

Щэхуу щыткъым федеральнэ ведомствэ куэдым щIыналъэ инфраструктурэхэм щIагъуэу гулыIэт зэрыхуэамыщIыр. Абыхэм я нэхэм нэхъ кьыфIэнэр щIыуэпсым и кьуленгъэхэр кьыщIэхъуэныным, нэгъуэщI къэралхэм егъэшэным пыщIа инвестицI проект инхэр щагъэзэщIэну я мурад е ар щаублагъэхэх щIыналъэхэрщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и зэранкIэ кьалэ, нэгъуэщI псэупIэ щIыпIэ куэд дыдэр къэралым и гулыIэт зЕлъмЕЗэу кьонэ икIи централизованнэ щIыналъэ политикэм и гъунапкъэхэм кьриубыдэу езыхэм зыужьыныгъэ ягъуэтын и лъэныкьуэкIэ зыщIэпIэ гъэри яЗкъым.

Щэч кьызытучмыхьэжыщ: щIэныгъэм кьигъэувэхэм хуэдизу щIыналъэхэм фейдэ кьату зыщIыхэгъэжьынур къэралым абыхэм яхуэзгъэзауэ зэрыгъэкIуэкI политикэм централизацэ егъэлеяр хэбгъэкIмэщ. Абы и лъэныкьуэкIэ япэ лъэбакъуэ мыинхэр ячу щIадзащ. Ауэ щыIуагъэ хьунт щIыналъэм зэманкIыкькIэ икIи зэпIэзэрыту екьулIэныгъэкIэ зиужьынымкIэ республикэм и Президентым, Правительствэм и Унафэщым федеральнэ субсидиехэр нэхъыбэу зыIэрыгъэхьыну е инвесторхэр Iуэхум кьыхэщIэн я лъэныкьуэкIэ ябгъэдэль ЕкIуэлъакIуагъэм и фIыщIэкIэ кьызэрэпэща хуэным ущыгугъынщ. А мурадым я Iэр трагъэхуэфын щхьэкIэ республикэм, районхэм, кьалэхэм Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм, зехьэкIэщIэхэм я кьэгъэсэбэпыкIэм зрагъэсэн хуейуэ кьапэщытщ.

Рынок зэхущытыкIэхэр япэкIэ щыкIуэгъэнр щIыкуэм я дзыхьэр зрагъэзэунафэщIкъэр зи пашэ, къэралгъэ, щхьэзакъуэ Iэнатlэхэм, жылагъуэ органигацэхэм, щIыху гуп щхьэхуэхэм я сэбэп зыхэлъ Iуэхугъуэхэр щызэтрагъэхуэф, щызэрагъэкIуф щIыналъэхэрщ.

Экономикэ реформэ куу щрагъэкIуэкIкIэ муниципальнэ Iуэху зехьэкIэжьыр хъума хъуу федеральнэ централизованнэ Iуэху зехьэкIэм и хьэлтэ пэхъыпхьэр щIыналъэ Iуэху зехьэкIэм и зэхущытыкIэм щыщ щIыналъэ Iуэху зехьэкIэм и щIыналъэ Iуэхуэ» - Федеральнэ законым кьыщыгъэлъэгъуащ щIыпIэ и ныкьуэ щIыналъэ Iуэхуэ зехьэкIэм и щIыналъэхэм щыIуагъэ зехьэкIэм щIыналъ

Дирижерымрэ оркестрымрэ щхьэкIэ концерт

Темыркъан Юрэ и гугъу ещI махуэ къэс зыхэт Лухъуатъуэхэм зэхэрэ нэхъыщхьэмэ - гъашIэм

Темыркъан Юрэ махуэ зыбжанэкIэ щыIэну Санкт-Петербург къэкIуэжащ, Филармонием и Залышхуэр къагъэщIэрэщIэжауэ къыщыхэIуахьынум ирихьелIэу. Зэзэмызэхэщ апхуэдэу къыщыхъур. Темыркъаныр дирижер пультым бгъэдэткъым - залым щIэсщ. Оркестрым и унафэщIыр Алексеев Николайт, Филармонием и художественнэ унафэщIыр Антер щыслIэм ист. Тхыдэшхуэ зиIэ пэш уардэр къызэрагъэщIэрэщIэжамрэ оркестр гъуэзэджэмрэ я гугъу тщIынымкIэщ ди псалъэр зэретшэжар.

Уэркъхэм я зэжуэсыпIэу щытам и щэхухэр

Российская газета. - Хунт сыкъэщI сынохъуэхъуну реставрацэ Iуэхуэхэр тэмэму къызэрызэрэнкIамкIэ, абы кынэмыщIауэ мы дунейм щыпхэхь щIэрыIуэ музыкэ академиехэм ящыщ Сантэ-Чечилие щIыхь зиIэ и академик уэркъхъуамкIэ.

Темыркъан Юрэ. Упсэу. Италием уцыпсэжьэнкIэ псэм фIэфIщ, щIыхьи пылъщ. Сэ фIыуэ сопъагъу пъжьэнэхэр щыIэжьэзэрыпхькIэ, пасэрейм рэ иджырейм рэ щызэкIуэкIэ.

РГ. - Уэ сыт хуэдэ лIэщIыгъуэра нэхъ уэрэкIуну къэпсэцIытэр?

Темыркъаныр. - XIX лIэщIыгъуэр. ПсэкIэ аращ нэхъ спэгъунэгъур.

РГ. - Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, XIX лIэщIыгъуэм и апэ ильэс пIанэращ уэ пIэгъунэгъур?

Темыркъаныр. - Пэжщ, а пъжьэнэр си псэм нэхъ къещтэ. КъызэрысщыхъумкIэ, XIX лIэщIыгъэращ «пщIэ сиIэщ» («имею честь») жаIэжкIэр нэхъ зэжщр. Ар си псэм фIэфIщ икIи пIанэщ си дежкIэ. XX лIэщIыгъуэр абы хуэхеи хьуат е мащIэ дыдэут зэрыщыIэжыр. Мораль жыхуаIэр системэм лейуэ кIыпльатат.

РГ. - Филармоние и Пэщ уардэм - петербург уэркъхэм я зэIуIэр щрагъэжькIэжкIыу щыта пэшым - уэ сыт щыгъуи гуапэту хэха хубощI. Ильэс 25-рэ и пэкIэ, Кировскэ театрым и дирижер нэхъыщхьэу ущыщытам, уэ "Евгений Онегин" бгъэурэ, мы пэшым Татьянэрэ Онегинрэ щызэхуэбгъэзат. Абы кърихьэлIахэм яIъагъу колонинэ лъагэмрэ щострэ зэщIэщIуэхэмрэ пэшыр кIаригъэшIыхужыр.

Темыркъаныр. - Пэжщ, еплъхэм персоналыр кIыщIыхутри, сюжетым кIэльыплъыныр яIэщIэхут. Уэркъхэм я зэIуIэр щрагъэжькIыжкIыу щыта пэшым Пушкин "къезгъэблэгъэныр" къызэрыгуэкI гупсысэм кIыхьэхат: Кировскэ театрым и балет труппэм хэтхэм ящыщ зы щIалэ хуабжьу усакIуэм ещхьт. Арати, сытогушхуэ: апхуэдэ персонаж бзагуэ, сценэм щекIуэкIым яхэплъэн щыриеIэ. ИужькIэ, сеплъри, къызгурыуэжащ "Пушкин" кIаззрыхьыхьэм спектаклым и екIуэкIыкIэр зэрызэхитхуэр.

РГ. - Филармоние и Залышхуэр реставрацэ нэужьым дахэ дыдэщ, зэрыщыту къызэтенащ иджы модэу кIаутьэтэм хуэдэ хамытхъэу. Уэ гарэзы пэжыгъэм кърикIуамкIэ. Мы щIыпIэр зэрыпIэрыIуэ ауэрэ мыкIуэдауэ пIэрэ?

Темыркъаныр. - Зыхуей зэрыхуэбгъэзэж пэжыгъэкIэ а ауэрэ пхуэкъутэнкуным. Реставрацэр кIанэ щымыIэу егупсысауэ, хэмыбжьэтхъуащ зэфIагъэкIащ. КъызэрыщIыкIэ, мы зальир къыщIэзIуаха 1839 гъэ гъандэрэ реставрацэ ин мыбы щекIуэкIащ. АрацIи, догуфIэ псори тэмэм хъуауэ къытщохъури.

РГ. - Уэрэкъхэм я зэIуIэр щрагъэжькIэжкI залым революцIэ нэужьым концерт щат хьауат. Тетыгъэр зейхэм я балхэр щрагъэжькI пэшыщхуэм, дауи, сценэ иIакъым, иджы ар щыIэщ. Нэмыц органрэ тельыджэ щIэтщ, макъамэкIэ Iэзэныр къэзыгъэсэбэпыну щыта дохутыр щIрыIуэ Отто и институтым революцIэ нэужьым къыщIахауэ. Реставрацэ гъэжьигъэр мы пэшым революцIэ нэужьым иIа тепльэр къызэтегъэнэным тешIыхьауэ щыта?

Темыркъаныр. - Щэч хэмылъу. Псом апэ идгъэщар зыри зэIыдмыгъэхъэныртри, сэ абы кIанэ щымыIэу сыкIэльапльпащ, сепсэлъащ ухуакIуэхэмрэ архитектор рхэмрэ. Дэ зы чырбыш зэтхуэхэгъакъым. Зи гугъу тщIа аурэр ахэращ зыхьхьумэр. Мы унэм и блынхэм яIа пльыфэм хуэдэу зредгъэхьжащ, тхыпхъэ, сурэт тетахэр хедгъэщIыхьыжащ, люстрэхэмрэ коллонэхэмрэ кьещэщжыным хуэдэ ти, ягъэбыдджащ. Зыхуей зэрыщIэжащ унащхьэри, лъэгури, унэ лъабжьэри. ЗэкIэ тхуэзфIэмкIар революцIэм и пэкIэ пэшым фIэлъа гербхэр фIедгъэдзэжьнырщ - ахъшэ тхуринкъуакъым. Ауэ 2008 гъэм нэхъ фIэмыкIыу абыи унафэ игъуэтынущ.

Ди адэм Прокофьевым квартет иригъэтхат

РГ. - Залышхуэм и афишэм зыри хэткъым реставрацэр зэраухам ефщIэкIыну. Уеблэмэ, а апэу щата концертми Хэку зауэм хэтахэмрэ биим Ленинград къыщынубыхьам абы дэсахэмрэщ къеогъэбгъэгъар.

Темыркъаныр. - ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьелIэу кIыщIэзIутхыжати, сэ къэслъытащ ди къаIэр зыхьумахэр, блокадэм щыгъуэ мыбы концерт щедэIуахэр арауэ апэу къеГъэблэгъэнхъэр. Дэ ар псапэ дощIэ жьытIэу дгъэIункъым, сыхуейтэкъым реклами СМИ-хэм я зэрызехьи.

РГ. - Санкт-Петербургэ академическэ филармоние и оркестрымрэ Iинкэ и щIэр зезыхьа Академическэ капеллэм и уэрэджыкIакIуэхэмрэ зэрыхэтар, абыхэм едэIуа дэтхэнэми тыгъэжмрэ у дз гъэгъахэмрэ зэрыратар къэптыгъэмэ, концерт гъапIэ хьауат ар. Абы текIуэдар уи псапащIэ фоныым къыхэкIа?

Темыркъаныр. - Аращ. Дэ гъэ къэс ТекIуэныгъэм и махуэм худогъэхьэзыр апхуэдэ концерт. Нэ хъыжьхъэм къытхуащIар тщыгъупщэркъым.

РГ. - Зауэр уи гъащIэм и Iыхьэ хъуауэ, уи адэр абы щыхьащIауэ ара?

Темыркъаныр. - 1942 гъэм фашистхэм си адэр ящIащ. Ар партизан отрядым и комиссарт. Ильэс 31-рэт и ныжькIыр. Зауэ нэужьым ди фэтэрыр ттрахат, ди адэм щхьэкIэ пенси щыдатэкъым, фронтым щымыIам темыхуэу жаIэу. ЗэрыгурыIуэгъэущи, фашистхэм щыхьэт тхыпльяту щытакъым яуклам щхьэкIэ. Университетым щрагъэджэну япэу Москва ягъэкIуа адыгэжьм ящыщщи си адэр. Къыгъэзэжа нужь, егъэджакIуэу гъэкIащ, итIанэ Къэбэрдейм къыщIэзIуаха япэ едкапIэ нэхъыщхьэм и ректор хъуащ, щэнхабзэмкIэ министру щагъэувам ильэс 28-т и ныжькIыр. Абы игу кьэкIат зауэм щыгъуэ Налшык щыпсэуа Прокофьевым елъэIуу адыгэ макъамэкIэ квартет иригъэтхыну. Ленинград консерваторэм сыщыщIэсам сэ Прокофьевым и гукъэкIыжхэм хэту сыкъеджат абы. Сергей Сергеевич япэ щыкIэ ар хьэдыгуэдахэ щыхьат - европей гупсыскIэ убгъуабы хьэмэ, адыгэ макъамэ щыIэжхэтэкъым. Ауэ нужькIэ "щIэдэIупэри" - итхащ. Сэ къызэрысщыхьумкIэ, Прокофьевым и квартет нэхъыфI дыдэр ящ. Насыпыншагъэм щыхуэхэр зэкъуеГъэувэ, Ди унагъэуэр зэкъуэтт, псори зэкъэгуапэт, зым и гугъуэхьыр адэрбм щхьэщихыну хэтт. Нобэми абы дыкъытенащ.

Къэбэрдейм къикI гъуэгухэр

РГ. - Сыт хуэдэбзэ фи унагъуэм зэрыщыпсалъэу щытар?

Темыркъаныр. - АдыгэбзэкIэ. Мамэ урысибзэр зримыгъэщIэфауэ дунейм ехьжащ. Сэ Налшык сыщыщIыкIэ си Iыхьхьэм адыгэбзэкIэщ саззэрепсалъэр. Гамзатов Расул "Мой Дагестан" тхылъым мыпхуэдэу щетхыж. Зауэ нэужьым Расул Париж щыIэу хуэзат зауэм хэкIуэдауэ къалъытэ дагьыстэн гуэрым. Къыгъэзэжа нужь, Iыхьхьэм и Iыхьхьэм жащ я щIалэр зэрыпсэур, "Расул, уэ уепсэхъа си къуэм?", - жеIэри къоупщI а лIым и анэр. "Брмэш диIэу", - жэуап иретыж Гамзатовым. ЦIыхубзыр къоГэри, жеIэ: "ХэкIуэдауэ зэрыжаIар пэжи". Хьыбар дахэщ, пэжкъэ? Дэтхэн зэ ными езым фIыуэ илъагъу щIыпIэ иIэжщ. Ар епхащ и бзэм, лъым, хабзэ къадекIуэкIэхэм, и псэм кьигъэщIыф дунейм.

РГ. - Уэ Къэбэрдейм ильэс къэс уиIуэжьыфрэ?

Темыркъаныр. - Махуэ зыбжанэкIэ нэхъ мыхъуми сыщоIэ, си лэжьыгъэм нэхъыбэ къыхуэдэгъахуэркъым. Си анэр ильэс зыбжанэ хъуауэ дунеим зэрехьжрэ. Адыгэ хэм псатхэмэ тельыджэ диIэщ: "Уи анэр псэуху уэ усабийщ, лIамэ - зэреиншэщ". Мамэ псори дыззышалIэ къаурэр хуабагъэрэ хэлът. Ар гуфIэт быныфI къьхьулIауэ, зыгуэр зыхуэзфIэкI защIэ хъуауэ уэ къыпльэгъти. Насыпышхуэу къыщIэкIынт ар абы и дежкIэ. Пэжкр жыпIэнымэ, тэмэм дыдэу къыгурыIуэу къыщIэкIынутэкъым сэ си лэжьыгъэр, ауэ зыхищIэрт нэгъуэщIхэм емыщхь Iуэху ящь сызэритыр.

РГ. - Дауэ музыкэм уэхэщIа хьуат?

Темыркъаныр. - Ашхабад щIыр щыщыхъеям Налшык музыкант гуэрхэр кьыдэIысхьати, ахэр лэжьыгъэ хуейт. Ди гьунэгъуэ фэтэр кьэзыщта сэрипальым кьыпльыхъуэрт иригъэджэн. Уэрамым къыщIэзэупщIащ, скрипкэм уеэуфу уеджэну ухуей, жиIэри. Кавказым щыхабзэкъым нэхъыжьым "хьуэ" щыжраIэу. Арати, зи гугъу ящIыр къызгурымыIуэми, арэзы сыхьащ. Скрипкэр школым кьыщIэратащ. Сэ абы и дерсхэм сыщIэкIэр сигъашхэрэ арат: ди ныбэм изу тшхын унэм щыдгъэутыртэкъым. СызэрегупсысымкIэ, езым иригъэджэн фIэфIтэкъым -ар зыкъэзыгъэльагъуэ музыкантт. Гугъу зыкъыщIыздригъэхьыр зэрыпсэун кьилэжьын папщIэт. Ауэ сабийр и гум дыхьэмэ, зыкъримигъэIуу фэлажьэрт. Сэ си насыпти, абы гу зылъэгъэтэфат. ИужькIэ Налшык музыкэ школыр кьыщIэохри, Ленинград консерваторэм и еджапIэм сагъакIуэ курыт еджапIэр абдеж кьыщIэзухыну.

РГ. - Уи ныбжьэгъуэм ящыщ щIэрыIуэ ухъуауэ ухуэзэжа?

Темыркъаныр. - Израиль симфоническэ оркестрым и дирижеру сыщытыну Тель-Авив сыщыкIуам сыхуэзащ. Си концертхэм къезгъэблэгъащ, си дискхэм щыщи естащ. Хуабжьу гуфIауэ, "тхыль дапхъэм тезгъэувэнщ", жеIэ. "Тебгъэ кьу дей мыхъуу, зэззэмыси едаIуэ", - щыжысIэкIэ: "Сэ пенсэм сыщысщ, апхуэдэ аппаратурэ сиIэкъым", - къызетыж жэуап. ЕтIуанэ махуэм ар абы иIэт.

Нобель и саугъэт зратар зэрызгъэхьэщIар

РГ. - Уэ жыбоIэ дэ тхэнэ зыми иIэу щыхуэ зыщIа щыпIэ, Iуэхугуэ.

Темыркъаныр. - Петербург, Ленинград, тхылъхэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ - ахэращ сэ щIыхуэ сызыщIар. Сэ сыщопсэу тхыдэ фэепIа куэд здэщыIэ Петербург къалэкъым. Сэзэжьэзэжьэ Гоголь, Чайковский щыпсэуа уэрамхэр. Сыщылажьэр Зэрыкъуэм я зэIуIэм и унэращ. Петербург сипсыхьауэ жыпIэ хъунуущ икIи си нэгум кьыхэущIэгъэхьэрэкъым нэгъэущI щыпIэ сыщыпсэну. Фыуэ соIъагъу къэралхэр зэзгъэльагъуну, нэгъэущI концерт гъэльэгъуапIэхэм сыщылажьну, ауэ сыщыпсэуну сызыхуейр, сыщыпсэуфынури Петербургущ. Сэ Петербургкъым сыкъыщальхуар, ауэ мыр сэ си къалэщ.

РГ. - Петербург и апэ мывэр зэрагъэтIылъ гьандэрэ абы сыт и гьэныкъуэкIи игъуэта беягъыр си фIыщIэр нэгъуэщI щыпIэ кьикIыу къыдэтIыхьэу щытахэращ. Арагъэнщ ар зыми емыщхь зыщIар.

Темыркъаныр. - Пэжщ, уэ жыпIэр полифоние щыIэр щхьэкIэ макъ зэхуэмыдэжэм хууейщ. IэрыкI пылъхьэнщ къэбгъэщIыфынукъым гугъу удемыкIу. Абы и гьэныкъуэкIэ архитектурэри музыкэри зэщIыщ.

РГ. - Уи ныбжьэгъуэхэм ящыщ хуэдэ. Бродский Иосиф уэ бгъэныбжьэгъуащ ар СССР-м щрагъэкIам щыгъуэ. Абы уэрыхуэзэр я щхьэусыгъуэу, къэралым и бжэр пхуэзэхуащIыфынут. Дауэ фыз тIур?

Темыркъаныр. - Сэ схужьыIэнукъым ныбжьэгъуэ ди зэхуэку дэтъауэ. Зы къалэ гъуэзэджэм кьигъэщIа щIыхутIым зэкраIэм игъуэту арагъэнут. Ауэ дэ Iэмал иIэхъэу дыззхуэмызэу къэдгъэнабжьам, ди Iуэху тыншу щымытами - сэ кьыскIэльапльпат, ар я нэIэм щIагъэкIыхъэтэкъым. Дигуэзэр зэхуеIэу кьыщIэкIынут дэ тIум. Пльагъурэ, "дэ тIур" зэрыжьысIар - бзэгум кьытелъэтэр пэжку кьыщIэкIынущ. ДыщызэрыщIыхуар Америкэращ, Абы щыгъуэм и зы уси иджыри седжатэжьым. Концерт нэужьым зы хьыджэбз кьыдбгъэдыхьащ, урысыбзэкIэ мыпейуэ псалъэу. КьыздикIамкIэ сыщеупщIым: "СлавистикэмкIэ факультетым Бродский Иосиф дрегъащIэ?", - къызитащ жэуап. СельэIурри, и телефоныр кьеIысхащ. Сызэгупсысаращ: щыкуГъэншагъэ зэрахьэу хуэрыщ кърахуам - ар большевикхэм сыт щыгъуи я хабзащ - семыпсалъэу хьунукъым. Сыпсалъащ: "Дэ дызэрыщIыхукъым. Темыркъанращ нэпсалъэр". Жэуап къызет: "Сэ сыщIэсащ уи юнцертхэм". ТелефонкIэ куэд жыпIэнт? ДызэгурыIуащ дызэхуэзэну. Сэ Бродскэм жеIам хъщIэщым оперэмрэ балетымкIэ театрым и художественнэ упафэщIыр икIи дирижер нэхъыщхьащ. А ильэс зэхэм театрым щагъэльэгъуащ мыпхуэдэ спектакль гъуэзэджэхэр: "Война и мир" (1977), "Мертвые души" (1978), "Петр" (1975), "Пушкин" (1979), "Маяковский начинается" (1983), "Евгений Онегин" (1982), "Пиковая дама" (1984), "Борис Годунов" (1986).

1988 гъэм маэстрэр нэхъыщхьэ щхъу Шостаковичэ Д. Д. и щIэр зезыхьэ Санкт-Петербург и Филармоние и Академическэ симфоническэ оркестрым. Абы зыкъыгъэлъэгъуащ Филадельфие, "Концертгебау" (Амстердам), Чикаго, Нью-Йорк, Сан-Франциск, Берлин, Венэ, нэгъуэщIхэми я оркестр дунейм щынэхъ нихэм я гъусэу.

"РГ"-м и досье

***Темыркъан Юрэ Хьэту и къуэ - дирижер, СССР-м и цIыхубэ артист, Санкт-Петербург консерваторэм и профессор. 1938 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къыщалъхуащ. МузыкэмкIэ пэщIэдзэ щIэныгъэр къыщIихащ Налшык дэт музыкэ еджапIэм (скрипкэмкIэ), нужьыкI - Ленинград консерваторэм и музыкальнэ школым. 1956 гъэм Ленинград консерваторэм щыщIэныгъэхьэм альтым хуеджащ, квартетым, студентхэм я оркестрым хэтащ. Дирижер Мравинский Евгений и зэфIэкIыр ягъэдджэу къыщохъу, абы дехьэри, 1962 гъэм щIотIысхьэ оперэм-симфоническэ дирижер классым, педагог щIэрыIуэ Мусин Илья и гъэсэнхэм ящыщ зы мэкъу. А гъэ дыдэхэм ар щеджащ Рабинович Николай дежи. 1966 гъэм ильэс 28-рэ зи ныбжь Темыркъаныр дирижерхэм я егIуанэ Союзэпсо зэпеуэу Москва щекIуэкIым и апэ саутъэтыр къыщыхуагъэфащащ. Абы нужькIэ Кондрашин Кирилл, Ойстрах Давид, Москва и филармоние и симфоническэ оркестрым дэщIыгъуу хэтщ Америкэм щата концертхэм. 1968 - 1976 гъэхэм Темыркъан Юрэ и унафэщIыр Ленинград филармоние и Академическэ симфоническэ оркестрым. 1976 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ щIопдэ Кировым и щIэр зезыхьэ оперэмрэ балетымкIэ театрым и художественнэ упафэщIыр икIи дирижер нэхъыщхьащ. А ильэс хэм театрым щагъэльэгъуащ мыпхуэдэ спектакль гъуэзэджэхэр: "Война и мир" (1977), "Мертвые души" (1978), "Петр" (1975), "Пушкин" (1979), "Маяковский начинается" (1983), "Евгений Онегин" (1982), "Пиковая дама" (1984), "Борис Годунов" (1986).*

1988 гъэм маэстрэр нэхъыщхьэ щхъу Шостаковичэ Д. Д. и щIэр зезыхьэ Санкт-Петербург и Филармоние и Академическэ симфоническэ оркестрым. Абы зыкъыгъэлъэгъуащ Филадельфие, "Концертгебау" (Амстердам), Чикаго, Нью-Йорк, Сан-Франциск, Берлин, Венэ, нэгъуэщIхэми я оркестр дунейм щынэхъ нихэм я гъусэу.

Темыркъан Юрэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ министр Тут Зауррэ иопсатъэ. *Налшык, 2006 гъэ*

Композиторкэу Хьэлупэ Джэбрэилрэ Молэ Владимиррэ IуощIэ. *1988 гъэ*

ТхакIуэ Къандур Мухьэдин и гъусэу. *Налшык, 1995 гъэ*

Шэрдэк псыхъуэм. Темыркъан зэкъуэшхэр: Борис *(щытщ)*, **Владимир, Юрэ** *1971 гъэ).*

Концерт йокIуэкI. Дирижёрыр Темыркъан Юрэщ. *1969 гъэ*

Концерт нэужьым. Темыркъан Юрэ, Щедрин Роднон, Вознесенский Андрей, Зыкинэ Людмилэ *(щытхэщ). 1972 гъэ*

Налшык щохьэщIэ. *1999 гъэ*

сыхъуу арагъэнут. Сэ гукъыдэжьышхуэ кьызэзытын сабиигъуэ сиIакым. Зауэ нэужь зэманратин, тхылътэкъым дыззэгуфIсыр, атIэ ди ныбэм из хьуху дызэзрышхэныр т. ТхылъкIэ нэхъеиншэ сыщыхъуар Ленинград сыкъакIуэу консерваторэм и музыкальнэ школым сыщIэтIысхьа нужьщ. ИкIи афиныим хуэдэу абы сызыIэпишащ.

РГ. - А музыкальнэ школым щIэсхэм еджэн дэнэ къэна, загъэпсэхуну зэман кьаху дэгъахуэркъым.

Темыркъаныр. - Фыуэ сощIэж сыхьэтихым дыкъэтэджэ зэрыщытар, урокхэм щIимыдзэ щIыкIэ, педагогым и гъусэу, дерсхэр къэтпщытэжьын папщIэ. Пщыхьэщхьэм аргуэру а дерс дыдэхэр. А зэманым ди школым музыкальнэ щIэныгъэрэ кьыдитым и мызакъуэу, адрей предмет псомкIи егугъуу драгьаджэрт, умыщIэуи ядэнэтэкъым. Арати, хуэмейми, уеджэнут. ИльэсипщIыр, кьэзыльхъэр консерваторэм и закъуэтэкъым, атIэ университет, уеблэмэ техническэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэрт.

РГ. - АтIэ, дауэ жыпIа тхылъ еджэным уэзэрыдихьэ хар?

Темыркъаныр. - Ар жыпIэжьыни гугъущ: си щIэныгъэ къэхъыр машIэт, хэзмыгъэхъэнкIэ Iэмал имыIэу. Арати, зэпымычу седжащ тхыгъэ зэхуэхьэсахэр зэрыт тхылъхэм, Толстой, Чехов, Достоевский, Тургенев сымэ я IэдакъэщIэкIэм, хамэ къэрал классикхэм. Сэ абы сыхуэныкъуэт икIи зызгъэнщIтэкъым, зы тхылъым седжэу абы кьыкIэлыкIуэнум сыхуэпIащIэу фIэкI.

РГ. - Адрейхэм уакъыхэщIну ухусёнуэ арат?

Темыркъаныр. - Ари Iуэхум хэльагъэнущ. НэгъуэщIхэм закъыхигъэщIыныр цIыхум и хьэщIэн нэхъыщхьэхэм ящ. Iуэхур здэщыIэр уздэкIуэ лъэныкъуэмрэ закъыхэзгъэщIын щхьэкIэ къэбгъэсэбэн Iэмалхэмрэщ.

РГ. - Сыт уи дежкIэ хунтымыгъэр зищIысыр?

Темыркъаныр. - Сыздыхуейм сыщыпсэуныр, сыщыхуеим си унэм сынъекIуэлIэжныр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хэдэ сиIэну сыхуитныныр. Уи напэм кьебгъэкIур пщIэну ухуитныр, абы щыгъуэми зэпIэзэрыту укъэнэныр. Си гугъэкъым цIыху хунт дыдэ дунейм тету. Хунтымыгъэр - ар уи ныбжьэгъухэмкIэ, уи IыхьлыхэмкIэ, уи гъащIэр зытеуху уи щIыкIэмкIэ уи пщэм къыдэхуэ къаIэнхэращ. Нобэрей зэхэтыкIэм тIэкIу пэIэщIэ зысщIауэ сыпсэууэ къыщIэкIынщ. Зэрызысхъумэж Iэмалу арагъэнщ ар.

РГ. - Сыт зызыщыпхъумэр?

Темыркъаныр. - ГъащIэм епха Iуэху цIыкIуфэкIуэм. Абыхэм уи зэманн къаруи тебгъэкIуадэ хъунукъым - зызыщIашэнущ, нэхъыщхьэр, мыхьэнэ зиIэр къыпхуэмылъагъуу укъагъэнэнущ. ГъащIэр - ар куэдкIэ нэхъ мыхьэнэ зиIэщ, махуэ кьэс дызыхэт Iуэхуэхэм нэхърэ (ахэр Iэнатlэкlэ) дэкIуеиним, зэIущIэ гуэрхэм хэтыным епхаэу щытми).

РГ. - Сыт уи хьэупсапIэм уиIэ?

Темыркъаныр. - ЩIэх сымыIэну.

РГ. - А уи хьэупсапIэм нэхъыбэу хэлъыр оптимизм хьэмэрэ пессимизм?

Темыркъаныр. - Реализмщ.

КАНТОР Юлие
и интервьюр зэзыдзэкIар
ШИРДИЙ Маринэщ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Апхуэдэщ Щхьэгуэшыр

Зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм я кьалэ советым и Президиумым кьыбгъэдэкыу псалъэ зыбжанэ зыжьыстэну сыхуейт щ1ыхь гуапэ, республикэм мамырыгъэ щыгъэтелъыгъэным псэемыблэжу пэщ1эта Щхьэгуэш Адэлбий.

● ДифI догъэлъапIэ

Щхьэгуэш Адэлбий

ЩХЬЭГУЭШ Лулэ и къуэ Адэлбий 1967 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м Аруан районым хьыкъ Хьэтуей кьуажэм кьыщ1ыхьащ. Курыт ешакIэр абы кьыщ1ухьа ныжь, 1984 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмкI и факультетым щ1эт1ыхь1ащ. 1985 гъэм дзэм кьулыкъу щищ1ну ираджащ, кьигъэзэжа иужь, и щ1эныгъэм пищащ. Ар кьызэриухыу, 1991 гъэм КъБР-м и МВД-м хьыкъащ.

1992 гъэр Адэлбий и гъащ1эм зыкъызыдигъэза зэманщ. Властымрэ абы кьыпэщ1ывахэмрэ щ1эзэныкъэкъуа лъэхъэнэр гугъэу зэрящ1ытам г1орэ щыгъуазэщ. ФокIадзэм и 30-м щ1эпхьаджащ1эм идза гранатыр адрейхэм зэрэн яхуимыгъэхъун мурадкI, Щхьэгуэшым зы1эщ1ифыдзэри, и Iитыр фIэкIуэдзауэ щытыгъащ. Куэдым ягъэщ1эгъауэ щ1алэщ1эм и зэфIэкIыр – апхуэдэу зыщ1эфынур пэ кьулей зиIэ щ1ыкIут. Абы щыгъуэм Адэлбий и хахуагъэр гулытэнщ1эу кьэнакьым.

Лыхьжьыгъэ зэрызэрихьам папщIэ, УФ-м и Президентым кьыцигъэфэщ1у з щытащ1 «За личное мужество» орденыр. Ди республикэм и кьалэныгъэм щ1ыхь зиIэ и щ1ыхь цIэ лъапIэри кьыфащащ.

Кьыщ1ыщ1а щ1эщхьем щхьэкIэ къэныгъэ, щ1алэм и лэжьыгъэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм щыпищащ. Ар корпуцIэм е6эныныжкIэ, итIанэ щ1эпхьаджащ1э гупхэр гъэкIуэ зэныныжкIэ къудамэхэм я унафэщ1у лэжьащ. 1999 - 2002 гъэхэм Кьэрал кьулыкъымкIэ академиеу УФ-м и Президентым деж щ1ыпм щ1эсащ, 2002 гъэм экономикэ щ1эныгъэхэмкIэ кандидат лэжьыгъэр Москва щ1ыпхэм1эжащ. А гъэ дыдэм промышленникэмрэ хьэрыкъэтыщ1эхэмрэ я Ассоциацэ кьыхэзригъэпэщащ Адэлбий.

2005 гъэм Урысыем и Лермонтов комитетым Щхьэгуэш Адэлбий кьыхуигъэфэщащ щытащ «Мамырыгъэрэ зэпI эхэрытныгъэрэ Кавказым щыIэным хэльхьэныгъэ зэрызиущам папщIэ» дыжьын медалыр.

Пэунейр-э 1993, 1997 гъэхэм - КъБР-м щыпсэухэм я дзыхь ирагъэзуэрэ Парламентым и депутату хахащ. 1997 гъэм Щхьэгуэшым кьызэригъэпэщащ «Солидарность» псалъэ1э фондыр. А фондыр дзэпкъыгъуэм щ1ыгъуу щ1ыхь1ыгъуэ мызэ щ1ыхьухэм, республикэм и интернатхэм, сабий упэхэм, жьы хьуахэр щапIыкъ унэхэм, нэгъэущ1эжьмэ. Сабий-щ1алэгъуалэ спорт школхэм, ныжьжыщ1э футбол командхэм, спортсменхэм, студенхэм къэдрэ щ1эгъэжьуэн яхуэхъуащ Адэлбий. Абыкlэ зэфIэкIыркъым хэныкъуэхэм Щхьэгуэшым яхуищ1 гулытэр. «Искож» хьэблэм ильэси 10-м щ1ыгъуауэ щолажьэ псапащ1э шхапIэ. Абы йокIуалIэ унагъуэ хуэныщ1эхэм щ1ыщ1эр, пенсионерхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, Хэку зауэщхуэм и ветеранхэр.

Кьыхэзэгъэщ1ну сыхуейщ Адэлбий хуэдэ щ1ыхьухэр иджыпсту зэрямащ1эр. Ар щ1ыку гуапэщ, щ1ыхь1ыщ, лэжьыгъэр фIыуэ зиIэ щ1ыкIут. Фронтым щ1ытхъэм, Зауэм, Лэжьыгъэм я ветеранхэм абы фIыщ1э хуащ1 зи ныбжь хэкIуэтахэм зэрадэIэпыкъуэм папщIэ.

Хэку зауэщхуэр зэрируэхэ ильэс 62-рэ зэрэрикъур щагъэпытащ1эм, Щхьэгуэшым льэныкъуэкIэ щытакъым. Зауэм ныкъудыкъуэ щ1ыхуэхэрэр абы и ветеранхэмрэ папщIэ Профсоюзхэм щ1энхабзэмкIэ я унэм концерт гукъинэж кьыщ1эзэрирагъэщ1эщащ. Щ1ыгъэзэхуэсахэм сагъэт лъапIэхэр яритащ.

РЕВЭ Дмитрий.

Урыс пшыналъэм и тхьэмадэ

(Кьэгуэкыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Абы и пэкIи и жьыкIи Пушкиныр Бекович-Черкасскэм я зэхуэзэауэ щытатэ-щ1ыгъуазэкъым. Щ1эныгъэр зыщыгъуазэр нэгъэущIэ: XV III лЭщ1ыгъуэм щ1ыщ1эдзауэ, урыс усакIуэщхуэм и пЭлъхьыжьэ кьэбэрдеипщ1эм щ1ры1уэ Бекович-Черкасскэхэмрэ лъыкIэ благъэ зэхуэхьуауэ щытащ - абы щ1ыхьэт тохъуэ Пушкинхэ я пЭлъэпкъым и тхыдэр зыхуэтащ1эныгъэлI Веселовский С.Б.

Кавказ зауэр кIуэ пэтми щ1ыхьэщIэлпЭ зэманщ Пушкиныр ди лъахэм кьыщ1ихьар, зауэ гущIэгъуншэм и щхьэусыгъуэхэр, абыкIэ кьуанщ1агъэ зыбгъэдэтхъэр зэрыхуэзэкъмыхуам щхьэкIэ, лЭщIыгъуитIым нэбгырэ зэкIэлъ усакIуэм гукъанэ щ1ыхуэпщ1ыни унугу щIебгъэни щ1ыэкъым. Нэхьщхьэращи, Кавказым щитха усэхэм Пушкиныр гуапэу щытотхэсу1ыахь бгырысу1ы. Щ1ыгъуэм, лЫгъым я щ1ап1хъэщ1 ахэр зэрильытэр.

Ди лъахэм тIэунейр щ1ыIащ1 урыс усакIуэщхуэр - 1820, 1829 гъэхэм. И нэгу Кавказым, псалъэм папщIэ, Къэбэрдейм, щ1ыщIэкIамрэ щилъэгъуэмрэ Пушкиным лъабжьэ хуищ1ащ «Дон», «Гъуэгуанэ тхъэусыхафэ», «Кавказ», «Бгы кьыгуэуа», «Делибаш», «Къазбэч лъапIэ тет кьулъшырыф», «Курыжым и Iуащхьэжэ...» усэхэм, «Кавказым и гъэр» поэмэм (эзы усакIуэм зэрэтхъагъащ, «шэрджэхсэм я хабзэ-хэрэр я хьэл-щэнхэмрэщ абы и кьупщIэ зэрыхьыныр. Щ1эныгъэр зыщыгъуазэщ нэгъэущIэ: XV III лЭщ1ыгъуэм щ1ыщ1эдзауэ, урыс усакIуэщхуэм и пЭлъхьыжьэ кьэбэрдеипщ1эм щ1ры1уэ Бекович-Черкасскэхэмрэ лъыкIэ благъэ зэхуэхьуауэ щытащ - абы щ1ыхьэт тохъуэ Пушкинхэ я пЭлъэпкъым и тхыдэр зыхуэтащ1эныгъэлI Веселовский С.Б.

Кавказ зауэр кIуэ пэтми щ1ыхьэщIэлпЭ зэманщ Пушкиныр ди лъахэм кьыщ1ихьар, зауэ гущIэгъуншэм и щхьэусыгъуэхэр, абыкIэ кьуанщ1агъэ зыбгъэдэтхъэр зэрыхуэзэкъмыхуам щхьэкIэ, лЭщIыгъуитIым нэбгырэ зэкIэлъ усакIуэм гукъанэ щ1ыхуэпщ1ыни унугу щIебгъэни щ1ыэкъым. Нэхьщхьэращи, Кавказым щитха усэхэм Пушкиныр гуапэу щытотхэсу1ыахь бгырысу1ы. Щ1ыгъуэм, лЫгъым я щ1ап1хъэщ1 ахэр зэрильытэр.

Ди лъахэм тIэунейр щ1ыIащ1 урыс усакIуэщхуэр - 1820, 1829 гъэхэм. И нэгу Кавказым, псалъэм папщIэ, Къэбэрдейм, щ1ыщIэкIамрэ щилъэгъуэмрэ Пушкиным лъабжьэ хуищ1ащ «Дон», «Гъуэгуанэ тхъэусыхафэ», «Кавказ», «Бгы кьыгуэуа», «Делибаш», «Къазбэч лъапIэ тет кьулъшырыф», «Курыжым и Iуащхьэжэ...» усэхэм, «Кавказым и гъэр» поэмэм (эзы усакIуэм зэрэтхъагъащ, «шэрджэхсэм я хабзэ-хэрэр я хьэл-щэнхэмрэ